Бетыгуян Рамазан 8-нэ класс

65б

## АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКӀЭ ОЛИМПИАДЭ

## 8 КЛАСС

**1. Мы псалъэхэр сонорнэ макъ дэкӀуашэкӀэ къыщӀедзэ икӀи еух:**

а) уэтэр, мэрем, номин, мей, уэсий;
б) уэсмыч, псыгуэн, гухьэр, мафӀэс;
в) уэздыгъэжь, нэз, плъыр, мухьэрэб;
г) уэс, мэз, къунан, плъыр.

**2. ФӀыншэм къыщыхъу макъ дэкӀуашэ дэгу хэтщ мы псалъэхэм:**

а) тетысхьэпӀэ, псей, тхылъылъэ, щӀэрыпс;
б) хъуэхъу, бэджыхъ, хъыжьэ, хъумпӀэцӀэдж;
в) уэркъгъусэ, кӀапсэлэрыгъу, вагъуэкӀэху, пэшхьэку;
г) гъунэгъу, пщыхьэщхьэ, гъэмахуэпс, нартыху.

**3. Ударенэр етӀуанэ пычыгъуэм тохуэ мы псалъэхэм:**

а) къуажэтегуашэ, псалъэмакъыншэ, тешанкӀэгъэкӀэрахъуэ;
б) пӀастэ, напэ, джыдэ, ӀумпӀэ, унэ;
в) батырыбжьэ,ислъэмей, итырыгъу, тхьэлъэӀупӀэ;
г) тхьэмахуэ, уэздыгъэ, мэзхъумэ, хьэрфзешэ.

**4. Екъуа (дефис) дэту ятх мы псалъэхэр:**

а) Ӏэбжэ (набжэ), Ӏэшэ (лъашэ);
б) Ӏэщэ (фащэ), ефэ (ешхэ);
в) Ӏэбыдэ (лъэбыдэ), Ӏэпсо (лъэпсо);
г) нэшхуэ (гушхуэ), цӀыкӀу (фэкӀу).

**5. Адыгэбзэм хэт** ***пщыӀэ*** **псалъэм синоним хуохъу:**

а) пырхъуэ;
б) уэтэр;
в) чыл;
г) пыбгъыкӀ.

**6.** *«Гуэншэрыкъ гъурыр иӀуэту, Умар гупсысэу здэщысым ...».* **Псалъэухам авторым къыщигъэсэбэпащ**

а) фразеологизм;
б) неологизм;
в) историзм;
г) архаизм.

**7.** *«Сэ абы куэдрэ си цӀэм бацэ плъыфэр зэрыкӀэригъапщӀэр си жагъуэт...».* **Псалъэухам къыщыкӀуа щхьэ цӀэпапщӀэхэр итщ**

а) именительнэ падежым;
б) именительнэ, эргативнэ падежхэм;
в) послеложнэ, обстоятельственнэ падежхэм;
г) эргативнэ падежым.

**8. Мы псалъэухам щхьищ зиӀэ глагол лъэӀэс хэтщ:**

а) ЕгъэджакӀуэм еджакӀуэхэр урокым зэрыщӀидзэжрэ егъатхэ;
б) Урокым зэрыщӀидзэжрэ еджакӀуэхэр егугъуу матхэ;
в) ЕгъэджакӀуэм еджакӀуэхэр тхакӀуэм и сурэтым ирегъэплъ;

г) ЕджакIуэхэр адыгэ тхакIуэм траха сурэтым йоплъ.

**9. Лэжьыгъэм и къэхъукIэ наречие мы псалъэухам къыщокIуэ:**

а) Мысыхьэтым сэ, дауи, насыпыфIэу салъытэ хъунут;

б) Ухуеймэ, сыти щIэ, нобэ удэмыкIыну Iэмал иIэкъым;

в) МахуитI лъандэрэ мэжэщIалIэ адэмрэ къуэшымрэ сыхуэпIащIэрт;

г) Губгъуэм и дэнэ лъэныкъуэкIи Iэуэлъауэ макъыр щагъэшырт.

6б

**10. Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм хохьэ:**

а) причастиер, деепричастиер, наречиер;

б) послелогыр, частицэр, союзыр;

в) послелогыр, частицэр, междометиер;

г) послелогыр, частицэр, союзыр, междометиер.

6б

**11. Зы псалъэу е псалъэ зыбжанэу гупсысэ пыухыкIа къэзыIуатэм**

а) псалъэ шэрыуэкIэ йоджэ;

б) псалъэжькIэ йоджэ;

в) псалъэухакIэ йоджэ;

г) псалъэ зэпхакIэ йоджэ.

6б

**12. КIэрашэ Тембот зэритхымкIэ, Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт хэтащ**

а) 1812 гъэм Наполеон Урысейм къыщытеуам щыгъуэ екIуэкIа зауэм;

б) 1877-1878 гъэм екIуэкIа «Урыс-тырку зауэм»;

в) 1904-1905 гъэхэм екIуэкIа «Урыс-япон зауэм»;

г) 1918-1920 гъэхэм Урысейм щекIуэкIа Граждан зауэм.

6б

**13. ЩIагъуэ Нурий, мыдрисэм щылэжьа илъэсхэм, иригъэджащ**

а) Нэгумэ Шорэ;

б) ХьэтIохъущокъуэ Къазий;

– в) ПащIэ Бэчмырзэ;

г) ЩоджэнцIыкIу Алий;

**14. Критик Нало Жансэхъу адыгэ лирикэм и зэхэублакIуэу къилъытащ**

а) ЩоджэнцIыкIу Алий;

б) ПащIэ Бэчмырзэ;

в) КIыщокъуэ Алим;

г) КIуащ БетIал.

6б

**15. Къылышбий Исмэхьил мыпхуэдэ усэ итхащ:**

а) «Хъуэхъу»;

б) «Нанэ»;

– в) «Iуэдыщэ»;

г) «Уэсят».

**16.** ***«Й Iэгу и Iэнэщ»*** **псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ**

а) Iэнэм бгъэдэмысу, шхэуэ къэзыкIухь цIыхум;

б) ерыскъыкIэ жумарту, хьэлэлу псэу цIыхум;

– в) шхын щхьэкIэ лъаIуэу, и Iэгу ущIауэ уэрамым дэт цIыхум;

г) зыри имыIэу, тхьэмыщкIэу, къулейсызу псэу цIыхум.